# MUOMBERO WECIDYO CATENZI

NOKUTI

# CIDYO CINOYERA

LONDON
SOCIETY FOR PROMOTING
CHRISTIAN KNOWLEDGE
NORTHUMBERLAND AVENUE, W.C.

*The South African alternative Liturgy in Unified Shona, with short additional prayers.*

# KUƵIGADZIRIRA

*Ps.* xliii.

1. Nditoŋge, Mŋari, undidziʋirire kune ndudzi dzakaipa: undiponise kunemunhu unonyeŋgedza nekusarurama.

2. Nokuti uri Mŋari wesimba raŋgu, wandisiyirei? ŋgenyi ndiri kusuʋa nokumanikidza kwemhandu dzaŋgu?

3. Nditumire kupenya kwako neɗi rako, ȥindituŋgamidze: ȥindiwunze kugomo rako rinoyera, nekumba kwako.

4. Ndiȥo ndinoenda kualtari yaMŋari, kunaMŋari werufaro rwaŋgu: hunde, ndinokutunhidza nemarimba, iwe Mŋari, Mŋari waŋgu.

5. Uri kusuʋirei, mŋiya waŋgu: uri kutambudzika nenyi mukati maŋgu?

6. Simbira kunaMŋari, nokuti ndicamutunhidza: ndiye muɓatsiri waŋgu, naMŋari waŋgu.

Mbiri kuna ɓaɓa neMurumbgana: neMŋiya Unoyera;

Seȥo ȥakaŋge ȥakaɗaro pakutaŋga, naȥino ȥakaɗaro, ȥinoɗaro: ȥigare ȥakaɗaro narini. Amen.

*P.* Ndinoenda kualtari yaMŋari:
*S.* KunaMŋari werufaro rwaŋgu rukuru.
*P.* Ruɓatsiro rwaŋgu ruri muzita raTenzi:
*S.* Ndiye wakasika ɗeŋga nepasi.
*P.* Haucazotipi-ȥe upenyu here:
*S.* Kuti ʋanhu ʋako ʋasekere kwauri?
*P.* Ciʋanemutsa panesu, Tenzi:
*S.* Nokutipa ruponiso rwako.

*P.* Tenzi, inzwa munamato weɗu:
*S.* Neizwi reɗu ŋgariṣike kwauri.
*P.* Tenzi ŋgaave nemŋi:
*S.* Nekumŋiya wako-wo.

¶ *Apa kuŋgataurwe mazwi aya eRubvumo neRusunuŋguro:*

*P.* na *S.* Tinobvuma kunaMŋari anesimba rese, Ɓaɓa neMurumbgana neMŋiya Unoyera, kuti takanyaŋgadza mupfuŋgwa, nemazwi̥ nokuita nemhoṣa dzeɗu dzinosuvisa. Ndiẓoẓo tateta Mŋari kuti avenemutsa kunesu.

*P.* Mŋari anesimba rese, ŋgaave nomutsa kunemŋi, amusunuŋgure ẓitadzo ẓenyu ẓese, amuponise mukuipa kwese, amumise nokumusimbisa mukunaka kwese, amuwunze kuupenyu husiŋgagumi. *Amen.*

# MUOMBERO WECIDYO CATENZI.

### KANA KUTI CIDYO CINOYEŖA

¶ *Vese avo vanoɗa kugashira Cidyo Cinoyera vakafanira kuzivisa Ɓandadzi, musi wekugashira usati waṣika.*

¶ *Kuti mumŋe wavo ainecitadzo cinozivikanwa nevese asiŋgaɗi kupinduka, pamŋe acigara mucitadzo cinoputsa mitemo yeSaŋgano, Ɓandadzi rikaziva iẓi, rakafanira kumuɗaidza nekumuvudza kuti asashiŋge kuvuya kuTafura raTenzi, ɗakara avonise pacena kuti wapinduka ŋgeɗi, aregera rugaro rwake rwakaipa rwekare, kuzoti vanhu, avo vakanyadzwa kare, vafadzwe; afarirane-ẓe nevanhu avo akanyaŋgadzira; pamŋe ataure kuti anoɗa kuɗaro kuti acikwanisa.*

¶ *Ɓandadzi rakafanira kuita ẓakaɗaro kunaivo avo rinovona kuti vanoveŋgana nekuitirana mafi; risavabvumidze kusaŋganira Tafura raTenzi ɗakara rizive kuti vafarirana. Kuti mumŋe weavo vanoveŋgana aciɗa kusunuŋgura nemŋoyo wake wese ẓese iẓo mumŋe akamunyaŋgadzira, nekururamisa iẓo iye akanyaŋgadza; asi kuti mumŋe aciramba kunyeŋgerwa kuti vafarirane, acigara-ẓe mukunyaŋgadza kwake nekuveŋga: kuti ẓakaɗaro Ɓandadzi rakafanira kubvumidza mupinḍuki kuvuya kuCidyo Cinoyera, nekusabvumidza uyo anoramba. Kuvona Maɓandadzi ese anorambidza munhu, seẓo ẓakanyorwa muaya mazwi, nekuti mazwi*

*epamsoro, akafanira kuzivisa Bishopi iȥo akaita mazuva gumi nemana asati apera. Bishopi anotoŋga mhoȿa yemunhu wakanyaŋgadza semutemo weSaŋgano.*

¶ *Paŋguva yeCidyo Cinoyera, Tafura ŋgarifukidzwe nejira jena rakanaka, Mupristi, akamira kuTafura, ŋgaataure neizwi rinonzwika vanhu vese vakapfugama nekuȥirereka.*

### Maʋambo.

Ƃaƃa weɗu, uri kuɗeŋga, Zita rako ŋgariwirikidzwe. Umambo hwako huȿike. Ruɗo rwako ŋgaruitwe pasi, sekuɗeŋga. Tipe nhasi sadza reɗu remisi yese. Utisunuŋgure mukutadza kweɗu, seȥo tinosunuŋgura ʋanotitadzira. Usatituŋgamidzire mukurunzirwa; asi tiponise mukuipa. Amen.

### *Munamato.*

Mŋari anesimba rese, mŋoyo yese yakazuruka kunewe, ruciʋa rwese runoziʋika kunewe, hapana ciro cakaʋandika kunewe; ita pfuŋgwa dzemŋoyo yeɗu dzicene nokufemera kweMŋiya wako Unoyera, kuti tikuɗe kwaȥo nokukudza Zita rako rinoyera, seȥo takafanira, ndiKristu Tenzi weɗu. *Amen.*

¶ *Masure meȥi Mupristi, anotenderukira kunevanhu, nokutaura pacena GUMI REMITEMO; vanhu vakapfugama, vakafanira kukumbira Mŋari mutsa wake masure memitemo yese, nokuti vakaityora (kana neiȥo vakaita, kana nemumŋoyo yavo) paŋguva yakapfuvura, negrasia rokuceŋgeta paŋguva inovuya, seaya mazwi anotevera.*

### *Ƃandadzi.*

I. Mŋari wakataura aya mazwi, aciti, Ndiri Tenzi Mŋari wako: Usaʋe nemumŋe Mŋari kunze kwaŋgu.

II. Usaȥiitire mufananidzo wakatsetswa, nemufananidzo weciro ciri kuɗeŋga kumsoro, neciri pasi pano, neciri mumvura pasi peivu. Usakotame pamberi paȥo, unamate panaiȥo.



III. Usataure nhando Zita raTenzi Mŋari wako.

IV. Tondera kuceŋgeta musi weSabata uyere. Unoƃata ƃasa mazuʋa matanhatu, uite ȥese iȥo uŋgaite: asi musi wecinomŋe iSabata raTenzi Mŋari wako.

V. Kudza ƃaƃa wako namai wako.

VI. Usaʋuraye munhu.

VII. Usapombe.

VIII. Usaƃe.

IX. Usaite umbowo hwemanyepo.

¶ *Vanhu vese ŋgavataure kana kuimba masure memitemo yese mumŋe ne mumŋe.*

Tenzi ciwanemutsa panesu; uite mŋoyo yeɗu kuti iceŋgete uyu mutemo.

X. Usaʋe neruciʋa.

*Vanhu.* Tenzi ciʋanemutsa panesu; unyore yese iyi mitemo yako mumŋoyo yeɗu, takuteta.

¶ *Gumi reMitemo ŋgaritaurwe ȥikuru pamusi waTenzi paŋguva yeAdvent neyeLent, asi iŋgaregerwe dzimŋe ŋguva. Kuti yaregerwa, ŋgakutaurwe kuti:*

Jesu wakati: Iɗa Tenzi Mŋari wako nemŋoyo wako wese, nemŋiya wako wese, nepfuŋgwa dzako dzese: Uyo ndiwo mutemo wokutaŋga, mukuru. Newecipiri unofanana nawo ndowokuti, Iɗa muƃanze wako sewe mbune. Muneyi mitemo miyiri ndimo mune mutemo ʋese neʋaprofiti.

*Vanhu.* Tenzi ciʋanemutsa panesu; unyore yese iyi mitemo yako mumŋoyo yeɗu, takuteta.

¶ *Masure meaya mazwi, kana munȥimbo yavo, kuŋgataurwe kana kuimbga kuti:*

Tenzi ciʋanemutsa panesu.  
Kristu, ciʋanemutsa panesu.  
Tenzi, ciʋanemutsa panesu.

¶ *Masure meꞩo ŋgakutaurwe, kuti.*

*Mupristi.* Tenzi ŋgaaʋe nemŋi.
*Ʋanhu.* Nekumŋiya wako-wo.

Ŋgatinamate.

¶ *Masure meꞩo ŋgakutaurwe Munamato wemusi. Mimŋe Minamato iŋgateʋere, seꞩo yakamiswa kana kubvumidzwa, asi munamato wękugumisira ŋgaupedziswe nemazwi ese ekuʋa mbiri.*

KURAIRA.

¶ *Pekarepo masure kwemunamato mupristi anovereŋga Tsamba aciti,* Tsamba yakanyorwa mucitsawuko ce——ce——iri kuʋamba muvesi re——. *Kuti tsamba yapera ŋgaati,* Tsamba yapera pano. *Masure meꞩi ŋgaavereŋge Vaŋgeri (vanhu vakamira vese) aciti,* Vaŋgeri rinoyera rakanyorwa mucitsawuko ce——ce——riri kuʋamba muvesi rè——.

*Vanhu.* Mbiri ŋgaiʋe kunewe, Tenzi.

¶ *Masure meVaŋgeri vanhu ŋgavataure kana kuimba kuti,* Kụtenda ŋgakuʋe kunewe, Tenzi.

¶ *Uyo anovereŋga Tsamba kana Vaŋgeri ŋgaapindukire kune vanhu kuti vese vanatse kunzwa. Kuti varipo vasakababatidzwa kana vapinduki Kuraura kuŋgaitwe ꞩino, masure meꞩi vanoɓudiswa nokuitirwa minamato necikomborero. Masure mèꞩo ŋgakuimbge kana kutaurwa Ruɗaviro ruri panyasi.*

Ndinoɗaʋira kunaMŋari mumŋe, ɓaɓa anesimba rese, Musiki weɗeŋga nepasi, neꞩiro ꞩese ꞩinoʋoneka neꞩisiŋgaʋoneki:

Ne kunaTenzi mumŋe Jesu Kristu, Murumbgana waMŋari, mumŋe wakaɓarwa, wakaɓarwa ndiɓaɓa wake, pasi rese risati raʋapo, Mŋari unobva kunaMŋari, Kupenya kweKupenya, Mŋari weɗi unobva



kunaMŋari weɗi, wakaɓarwa usakasikwa, mumŋe naɓaɓa, ꞩiro ꞩese ꞩakasikwa ndiye: uyo pamsana peɗu nepamsana peruponiso rweɗu wakadzika acibva kuɗeŋga, akaɓarwa noMŋiya Unoyera ndiMaria Virgo, akaitwa munhu; akarowerwa pamucinjiko pamsana peɗu ndiPontiu Pilatu. Wakatambudzika akaʋigwa, nezuʋa recitatu akamuka-ꞩe, semuMatsamba; Akakwira kuɗeŋga, agere parudyi rwaɓaɓa; Anowuya-ꞩe nembiri kuzotoŋga ʋagere neʋakafa: umaṃbo hwake hahugumi.

Ndinoɗaʋira kuneMŋiya Unoyera, Tenzi neMupi weupenyu, unobva kunaɓaɓa neMurumbgana, unoomberwa nokukudzwa pamŋe naɓaɓa noMurumbgana, wakataura neʋaprofiti. Ndinoɗaʋira Saŋgano Rimŋe Rinoyera Katoliki reƲapostori. Ndinobvuma Rubabatidzo rumŋe rwerusunuŋguro rweꞩitadzo. Ndakatarira kumuka kweʋakafa, neupenyu hwepasi rinowuya. *Amen.*

¶ *Masure meꞩi Mupristi ŋgaazivise vanhu Misi Inoyera neyekutsanya yakaꞩanira kuceŋgetwa muiro viki. Masure meꞩi ŋgaavazivise-ꞩe nguva dzemunamato weCidyo Cinoyera, nekuɗayidzira micato, nekuvereŋga matsamba eꞩiŋgaziviswe, neevakaɓuɗiswa muSaŋgano. Hakuna ciro ciŋgavereŋgwe kana kuɗayidzirwa mu-Ceci paŋguva yeMinamato Inoyera, àsi neɓandadzi ɓasi: kana iye-ꞩe haabvumidzwi kuɗayidzira ciro kunze kwenzira dzakanyorwa muiyi Tsamba ye-Minamato, kana cakabvumirwa ndiBishopi.*

¶ *Masure meꞩi Kuraura kuŋgateʋere, kuti kusikaraurwi Ruɗaviro rusati rwaitwa.*

MUPEREKO.

¶ *Masure meꞩi Mupristi ŋgaadzokere kuTaꞩura raTenzi nekuʋamba Muperekò, acitaura rimŋe kana mamŋe eaya mazwi anotevera, seꞩo iye anovona kuti ꞩakanaka.*

Advent. Fara kwaẓo, iwe mukunda weZioni; ɗayidzira, iwe mukunda weJerusarema: ʋona Mambo wako ari kuʋuya kunewe. *Zech.* ix.

Kuɓarwa kwaTenzi Weɗu. Mŋana waɓerekwa kunesu, murumbgana wapiwa kunesu. *Is.* ix.

Musi weKuʋonekwa. Ʋamambo ʋese ʋacaombera pamberi pake; Ndudzi dzese dzicamuɓatira ɓasa. *Ps.* lxxii.

Lent. Parurayi mŋoyo yenyu, musaparure ŋguʋo dzenyu, mupindukire kunaTenzi Mŋari wenyu, iẓo anetsitsi nemutsa. *Joel* ii.

Ŋguʋa yeNhamo. Kutsewura kwako kwatyora mŋoyo waŋgu; ndazara nokuremerwa: ndakatşaka mumŋe uŋgaite nyasha kuneni, asi hakusakaʋa nemunhu, kana nemumŋe aŋgandinyaradze. *Ps.* lxix.

Isita. Kristu wamuka mukufa, akaʋa mucero wekutaŋga weaʋo ʋakarara mukufa. Aleluya. 1 *Cor.* xv.

Kukwira. Simudzayi misoro yenyu, imŋi mazambara, muisimudze, imŋi misuwo isiŋgagumi; Mambo wembiri anopinda. Aleluya.. *Ps.* xxiv.

Pentekoste. Ndicaɗirira mŋiya waŋgu kuneʋanhu ʋese. Aleluya. *Joel* ii.

Sondo raTrinitas. Ndiani asiŋgazokutyi, Tenzi, nokukudza Zita rako? iẓo uri wega unoyera. *Rev.* xv.

Misi yeƲanoyera. Maɓasa ako ese anokuʋirikidza, Tenzi: ʋanoyera wako ʋanokutenda. *Ps.* cxlv.

Parutondero rweƲakafa. Hakuna weɗu anopona ega asine ʋamŋe, hakuna anofa ega asine ʋamŋe. Kana ticipona, tinoponera Tenzi: kana ticifa, tinofira Tenzi: ndiẓoẓo, kana tiri ʋapenyu, kana takafa, tiri waTenzi. *Rom.* xiv.

Ŋguʋa Dzese. Kupenya kwenyu ŋgakupenye pamberi peʋanhu, kuti ʋaʋone maɓasa enyu akanaka, nekukudza Ɓaɓa wenyu, ari kuɗeŋga. *S. Mat.* v.

Musaẓigadzirire pfuma pasi, apo cikumo neŋgura ẓinoshatisa, nembava dzinopinda nekuɓa; asi ẓigadzirirenyi pfuma kuɗeŋga; apo cikumo neŋgura



ẓisiŋgashatisi, apo mbava dzisiŋgapindi nokuɓa. *S. Mat.* vi.

Ẓese iẓo unoɗa kuti ʋanhu ʋakuitire ita-wo kunaiʋo; iẓo uyu ndiwo Mutemo neʋaprofiti. *S. Mat.* vii.

Aʋo ʋanoti kuneni, Tenzi, Tenzi, haʋazopindi ʋese muumambo hwekuɗeŋga, asi uyo anoita ruɗo rwaƁaɓa waŋgu ari kuɗeŋga. *S. Mat.* vii.

Tonderai mazwi aTenzi Jesu, ayo akataura kuti, Cakanaka ẓikuru kupa kunekugashira. *Maɓasa* xx.

Uyu wakadzidziswa izwi ŋgaakoʋere kunaiye anodzidzisa, muẓiro ẓese ẓakanaka. Musanyeŋgedzwe, Mŋari haashorwi: nokuti iẓo munhu anodyara, ndiẓo anoceka. *Gal.* vi.

Apo tineŋguʋa, ŋgatiite ẓakanaka kuneʋanhu ʋese, ẓikuru kunaiʋo ʋanoɗaʋira. *Gal.* vi.

Ŋgaakomborerwe uyo anoɓatsira ʋanorwara neʋanoshaya: Tenzi anomuponisa paŋguʋa yenhamo. *Ps.* xli.

Ƒambai muruɗo, seẓo Kristu akatiɗa, akaẓipa iye mbunė pamsana peɗu secipo nemuteuro kunaMŋari, unehwema hwakanaka. *Eph.* v.

Ndamuteta, hama, nemutsa waMŋari, kuti mupe miʋiri yenyu iʋe muteurc uneupenyu, unoyera, unoɗikanwa kunaMŋari, iri ɓasa renyu rakaƒanira. *Rom.* xii.

Melkisideki, mambo weSaremi, wakauya neciŋgwa newaini: iye wakaŋge ari Mupristi waMŋari mukuru kwaẓo. *Gen.* xiv.

Ndinokupa muteuro wokutenda, nditunhidze Zita raTenzi; ndinoita ẓitsidzo ẓaŋgu kunaMŋari pamberi peʋanhu ʋake ʋese. *Ps.* cxvi.

Ẓiro ẓese ẓinobva kunewe, tokupa-ẓe ẓiri ẓako. 1 *Chron.* xxix.

¶ *Apo aya mazwi aneŋge ari kuvereŋgwa, vadikoni, kana vatuŋgamiriri, kana vamŋe vanhu vakafanira vakasarudzirwa iẓo, ŋgavatambire mari neẓipo ẓimŋe*

*ȥevanhu mundiro yakanaka yakagadzirirwa iȥo nevanhu veiyo nyika, vaȥiwunze kuneMupristi uyo anoȥipa nokuȥirereka aȥiyise paTafura rinoyera.*

¶ *Mupristi ŋgaayise paTafura ciŋgwa newaini iȥo anofuŋga kuti ȥinokwana, aciti:*

Komborera, Tenzi, takuteta, iȥi ȥipo ȥako, uȥiyerise kuneiri ɓasa rinoyera, kuti tigutswe ndiȥo tiwane upenyu husiŋgagumi hwemŋiya nomuʋiri; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. Amen.

¶ *Kuti Kukumbirira kana Kutenda kuciyitirwa cimŋe ciro cakagadzwa, ŋgakukumbirirwe ȥino, kana Mupereko usati waitwa.*

*Masure meȥi Mupristi ŋgaati.*

Ŋgatinamatire Saŋgano rese raKristu.

Mŋari unesimba rese, mugari, wakatidzidzisa noMupostori wako unoyera kunamatira nekukumbirira nekutendera ʋanhu ʋese, takuteta nokuȥirereka kuti utambire nomutsa [*ȥipo ȥedu ne-*] iȥo tinotambidza, nokugashira iyi minamato yeɗu, iyo tinopa kunewe, Mambo wekuɗeŋga, ticikuteta kuti ugare ucifemera Saŋgano repasi pese mŋoyo weɗi, nemŋoyo mumŋe, nokubvumirana; upe kuti ʋese ʋanobvuma Zita rako rinoyera ʋabvumirane muiɗi reIzwi rako rinoyera, nokugara nomŋoyo mumŋe neruɗo rwakanaka.

Takuteta-ȥe kuti utuŋgamidze ndudzi dzese munzira yokururama norunyararo, utuŋgamire ʋamambo ʋese, naʋatoŋgi ʋese, kuzoti munyasi maʋo pasi rese ritoŋgwe nokunaka norunyararo. Upe kuti muranda wako George mambo weɗu, namakotsi ake ese, neʋese ʋanogadzwa kutoŋga munyasi make munyika dzake dzese, ʋatoŋge ȥakarurama nokusatsera, mukudziŋgwa kweȥakaipa neȥakanyaŋgara, ʋasimudzire kunatsa norugaro rwakanaka. Ipa grasia, ɓaɓa wekuɗeŋga, kunaʋabishopi ʋese neʋapristi neʋadikoni, ȥikuru kunemuranda wako. . . . Bishopi weɗu, kuti noupenyu hwaʋo norudzidziso ʋaʋonise Izwi rako reɗi rinoponisa, ʋaɓate Masakramente ako anoyera nokunatsa nokufanira: Upe ʋanhu ʋako ʋese grasia rako rekuɗeŋga, ȥikuru aʋa ʋanhu ʋari muno, kuti ʋanzwe nekugashira Izwi rako rinoyera nemŋoyo wokutiwa nokuȥirereka kwakafanira, ʋacikunamata neɗi nokuyera nokururama misi yese yeupenyu hwaʋo.



[Tuŋgamidza uɓatsire, takuteta, ʋese ʋari kuɓata ɓasa rekuziʋisa Vaŋgeri rako pakati pendudzi dzese.]

[Ipa kupenya kweMŋiya wako kuneȥikoro ȥese nekunȥimbo huru uko kunodzidziswa uŋgwaru kuti pasi pese rizadziswe nokuziʋa kweiɗi rako.]

[Ipa-ȥe kuneʋanhu ʋese mumaɓasa aʋo ese kuti ʋatsake ʋese rugaro rwakanaka, ʋaite ushamŋari neukama hweruɗo pasi pano.]

Takuteta nokuȥirereka kukuru, Tenzi, kuti nokunaka kwako unyaradze nokuɓatsira ʋese ʋanotambudzika muupenyu huno hupfupi, neʋaneshuŋgu, neʋanoshaya, neʋanorwara neʋane dzimŋe nhamo.

Tinopa mukuceŋgeta kwako kwetsitsi ʋaranda ʋako ʋese ʋakabva muupenyu huno muruɗaʋiro rwako nekutya kwako, ticikuteta kuti uʋape mutsa neruveneko nerunyararo ȥino nepamusi wokumuka.

Ȥino pano tinopa kunewe, Tenzi, kutunhidza kukuru nokutenda kunobva kumŋoyo, pamsana pegrasia rinoshamisa nokururama ȥakaʋoniswa nekuneʋanoyera ʋako ʋese, ȥikuru kunaVirgo wakakomborerwa Maria, Mai weMurumbgana wako Jesu Kristu, Tenzi weɗu naMŋari, nokuneʋakare ʋanoyera, neʋaprofiti, neʋapostori, neʋamatari, ticikuteta kuti utipe grasia kuti ticifara mukuwadzana kweʋanoyera, ticiteʋera miyenzaniso yakanaka yeaʋo ʋakakuteerera pasi pano, tisaŋganire naʋo umambo hwako hwekuɗeŋga:

Tipe iȥi, ɓaɓa, pamsana paJesu Kristu Mununudzi weɗu mumŋe cete noMureʋeri. *Amen.*

KUGADZIRIRA.

*Masure meȥi mupristi anotaura kunaivo vanovuya kuzogashira Cidyo Cinoyera, kuti:*

Imŋi munopinduka neɗi nemŋoyo kubva muȥitadzo ȥenyu, muciɗa hama dzenyu, nokuɗa kugara upenyu hutşa muciteʋera mitemo yaMŋari, mucifamba masure kweiyi ŋguʋa panzira dzake dzinoyera; swenderai nokuɗaʋira, mugashire iri Sakramente rinoyera rekunyaradzwa kwenyu; mureʋurure nokuȥirereka kunaMŋari, anesimba rese, makapfugama nokutiwa nemabvi enyu.

¶ *Masure meȥi uku kurevurura kunotaurwa muzita revese vanoɗa kugashira Cidyo Cinoyera nemumŋe weMaɓandadzi ; iye nevanhu vese vakapfugama nokuȥirereka nemabvi avo, vaciti :*

Mŋari unesimba rese, ɓaɓa waTenzi weɗu Jesu Kristu, Musiki weȥiro ȥese, Mutoŋgi weʋanhu ʋese; tinobvuma nokucema neȥitadzo ȥeɗu ȥizhinji neȥinyaŋgadzo iȥo takagara ticiyita nemhoşa dzeɗu, nepfuŋgwa, nemazwi, nekuita, kunewe Mambo wekuɗeŋga, ticikuita uzaridzwe ȥakafanira nokushatirwa ndisu. Tinopinduka neɗi tine shuŋgu mumŋoyo neiȥi ȥitadzo ȥeɗu; kuȥitondera kunotinetsa, kuȥitakura kunorema. Ciʋanemutsa panesu, ciʋanemutsa panesu, ɓaɓa unemutsa mukuru; pamsana peMurumbgana wako Tenzi weɗu Jesu Kristu tisunuŋgure ȥese ȥapfuʋura; utipe kuti masure meȥi tikunamate nokukufadza nhambge dzese noupenyu hutşa mukukudzwa nembiri yeZita rako; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. Amen.

¶ *Masure meȥi mupristi (pamŋe Bishopi kuti aripo) anomira acipindukira kunevanhu anotaura uru Rusunuŋguro ;*



Mŋari anesimba rese, ɓaɓa weɗu wekuɗeŋga, wakatsidza nomutsa wake mukuru rusunuŋguro reȥitadzo kuneʋese ʋanopindukira kunaiye nokupinduka kwemŋoyo neruɗaʋiro rweɗi; ŋgaaʋe nemutsa kunemŋi, ŋgaamusunuŋgure nokumuponisa muȥitadzo ȥenyu ȥese; ŋgaamupe simba, amusimbise mukunaka kwese, amuwunze kuupenyu husiŋgagumi; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

¶ *Kana aya mazwi (kuti acibvumidzwa).*

*Mupristi nevanhu.* Tinobvuma kunaMŋari anesimba rese, ɓaɓa neMurumbgana noMŋiya Unoyera, kuti takanyaŋgadza nepfuŋgwa, nemazwi nokuita nemhoşa dzeɗu dzinosuʋisa. Ndiȥoȥo tinoteta Mŋari kuti aʋenemutsa kunesu.

*Mupristi.* Mŋari anesimba rese, ŋgaaʋe nemutsa kunemŋi, amusunuŋgure ȥitadzo ȥenyu ȥese, amuponise mukuipa kwese, amumise nokumusimbisa mukunaka kwese, amuwunze kuupenyu husiŋgagumi. *Amen.*

¶ *Masure meȥi mupristi anoti :*

Inzwai mazwi anonyaradza ayo Muponisi weɗu Kristu anotaura kuneʋese ʋanopindukira kunaiye ŋgeɗi.

Ʋuyai kuneni mŋese munotambudzika nokuremerwa, ndinomunyaradza. *S. Mat.* xi. 28.

Mŋari wakaɗisa pasi kwaȥo, ndiȥo wakapa Murumbgana wake mumŋe wakaɓarwa, kuti ʋese ʋanoɗaʋira kunaiye ʋasafe asi ʋaʋane upenyu husiŋgagumi. *S. Johane* iii. 16.

Inzwai-ȥe iȥo Sante Paule anotaura.

Uku kutaura kweɗi kwakafanira kugashirwa neʋanhu ʋese kuti Kristu Jesu wakaʋuya pasi kuzoponisa ʋanyaŋgadzi. 1 *Tim.* i. 15.

Inzwai-ȥe iȥo Sante Johane anotaura.

Kuti munhu aciyita ȥitadzo, tineMureʋeri kunaɓaɓa, Jesu Kristu wakarurama; ndiye muteuro weȥitadzo ȥeɗu. 1 *S. Johane* ii. 1.

## KUYERISWA.

¶ *Kuti mupristi, akamira pamberi peTafura, agadzira Ciŋgwa neWaini kuti anatse kumeɗura Ciŋgwa pamberi peʋanhu, nokutora Mukombe mumaʋoko ake, ŋgaataure Munamato woKusandura seȥo kunoteʋera:*

*Mupristi.* Tenzi ŋgaaʋe nemŋi.
*Mhinduro.* Nekumŋiya wako-wo.
*Mupristi.* Simudzai mŋoyo yenyu.
*Mhinduro.* Tinoisimudzira kunaTenzi.
*Mupristi.* Ŋgatitende kunaTenzi Mŋari weɗu.
*Mhinduro.* Ȥakafanira ȥakanaka kuita iȥi.

¶ *Masure meȥi mupristi ŋgaatenderukire kuTafura raTenzi aciti,*

Ȥakafanira kwaȥo, ȥakanaka, neɓasa reɗu rakafanira, kuti titende kunewe paŋguʋa dzese, nepanȥimbo dzese, Tenzi ɓaɓa Unoyera, Mŋari unesimba rese, usiŋgagumi.

¶ *Pano ŋgakuteʋere* MAZWI AKASARUDZWA *eŋguʋa* (p. 20), *kuti aripo mamŋe akasarudzwa*; *kuti kusine mamŋe, ŋgakuteʋere paMisi yeSondo:*

Iwe, neMurumbgana wako mumŋe wakaɓarwa neMŋiya Unoyera uri Mŋari mumŋe, Tenzi mumŋe, munaTrinitas naUnitas, uyo wakasika ȥiro ȥese neIzwi rako risiŋgagumi. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

¶ *Pamamŋe mazuʋa pekarepo ŋgakuteʋere:*

Ndiȥoȥo neŋgerosi dzese necita cese cekuɗeŋga tinotunhidza nokukudza Zita rako rembiri; misi yese ticikuwirikidza ticiti,



Unoyera, Unoyera, Unoyera, Tenzi Mŋari wehondo, ɗeŋga nepasi ȥizere nembiri yako; mbiri ŋgaiʋe kunewe Tenzi mukuru. Amen.

Wakakomborerwa uyo anoʋuya muZita raTenzi, Hosana kumsoro.

Mbiri yese nokutenda ŋgaȥiʋe kunewe, Mŋari unesimba rese, ɓaɓa weɗu wekuɗeŋga, nokuti wakapa nemutsa wako mukuru Murumbgana wako mumŋe cete Jesu Kristu, kuti afire ruponiso rweɗu pamucinjiko: uyo wakaita apo, (nokuȥipa kwake kamŋe) muteuro, nomuripo wakanaka, nounokwana, weȥitadzo ȥepasi pese; akaʋamba kuita, akatiʋudza muVaŋgeri rake rinoyera kuti tigare ticiyita, rutondedzo rusiŋgagumi rwokufa kwake kunokosha ɗakara aʋuye-ȥe. Tinzwe, ɓaɓa wemutsa, takuteta nokuȥirereka kukuru; utipe kuti isu, ticigashira iȥi ȥisikwa ȥako ȥeciŋgwa newaini, sekuʋamba kunoyera kweMurumbgana wako Muponisi weɗu Jesu Kristu, mukutondera kufa kwake nenhamo yake, tisaŋganire muʋiri wake wakakomborerwa neRopa rake: uyo usiku uhwo, apo akateŋgiswa, wakatora Ciŋgwa; iȥo akaŋge atenda, wakacimeɗura, akacipa kuneʋadzidzi ʋake, aciti, Tambirai mudye, **uyu Muʋiri waŋgu uri kupirwa imŋi; Yitai iȥi murutondedzo rwaŋgu.** Masure kwokudya, wakatora-ȥe Mukombe; iȥo akaŋge atenda, wakaupa kunaiʋo, aciti, Imŋai iȥi mŋese **iȥo iri riri Ropa raŋgu reCiraŋgano Citşa, riri kuparadzirwa imŋi naʋazhinji, murusunuŋguro rweȥitadzo, Yitai iȥi, paŋguʋa dzese apo munorimŋa, murutondedzo rwaŋgu.**

Ndiȥoȥo, Tenzi naɓaɓa wekuɗeŋga, sekuʋamba kweMurumbgana wako unoɗiwa kwaȥo, Muponisi weɗu Jesu Kristu, isu ʋaranda ʋako ʋakaȥirereka, ticitondera nhamo yake yakakomborerwa nokufa kwake kunokosha, kumuka kwake kunesimba nekukwira kwake kwembiri, tinokutenda ȥikuru kwaȥo

neȥikomborero ȥisiŋgaʋereŋgwi ȥakawanirwa isu ndiko; ticirindira-ȥe kuʋuya kwake kwecipiri nesimba nembiri huru, tinopa pano kuumambo hwako hweumŋari ichi Ciŋgwa cinoyera coupenyu husiŋgagumi neuyu Mukombe weruponiso rusiŋgagumi; ticikuteta nokuȥirereka kuti uɗire Mŋiya wako Unoyera panesu nepaneiȥi ȥipo ȥako, kuti isu tese tinogashira ici Cidyo Cinoyera tigashire nokufanira Muʋiri unokosha kwaȥo neRopa reMurumbgana wako, tizadzwe negrasia rako necikomborero cekuɗeŋga.

Takuteta kwaȥo kuti ugashire nemutsa, saɓaɓa wakanaka, uyu muteuro weɗu wokuwirikidza nokutenda; ticikuteta nokuȥirereka kukuru, kuti nokufanira nokufa kweMurumbgana wako Jesu Kristu, nokuɗaʋira kuneropa rake, isu neSaŋgano rako rese tigashire rusunuŋguro rweȥitadzo ȥeɗu, neȥimŋe ȥikomborero ȥese ȥenhamo yake.

Tiri kuȥipa nokuȥiwunza pano kunewe, Tenzi, isu mbune, mŋiya yeɗu nemiʋiri, kuti iʋe muteuro wakafanira, unoyera, unopona kunewe.

Kana tisiŋgafaniri neȥitadzo ȥeɗu ȥizhinji kukupa muteuro takuteta kuti ugashire iri ɓasa reɗu rakafanira nomunamato weɗu, usiŋgaʋereŋgi ȥakafanira ȥeɗu, asi ucisunuŋgura cete ȥitadzo ȥeɗu, ndiJesu Kristu Tenzi weɗu, ndiye nekunaiye pamŋe noMŋiya Unoyera mbiri yese nokukudzwa ŋgaȥiʋe kunewe, ɓaɓa unesimba rese, ȥigare ȥakaɗaro.

¶ *Pano vanhu vese ŋgavati: Amen.*

Seȥo Tenzi weɗu Jesu Kristu akatiʋudza akatidzidzisa, tinoshiŋga kutaura kuti:

¶ *Ȥino Mupristi nevanhu ŋgavataure ȥamŋe,*

ɓaɓa weɗu, uri kuɗeŋga, Zita rako ŋgariwirikidzwe, Umambo hwako huȿike. Ruɗo rwako ŋgaruitwe pasi sekuɗeŋga. Tipe nhasi sadza reɗu remisi yese.



Utisunuŋgure mukutadza kweɗu, seȥo tinosunuŋgura ʋanotitadzira. Usatituŋgamidzire mukurunzirwa; asi tiponise mukuipa.

Iȥo umambo huri hwako, nesimba, nokutunhidzwa ȥigare ȥakaɗaro. *Amen.*

Nyenye yaMŋari, inobvisa ȥitadzo ȥepasi: ciʋanemutsa panesu. Nyenye yaMŋari, inobvisa ȥitadzo ȥepasi: ciʋanemutsa panesu. Nyenye yaMŋari, inobvisa ȥitadzo ȥepasi: tipe runyararo rwako.

¶ *Ȥino ŋgakunyararwe kaŋguva kashoma, masure meȥi ŋgakuteʋere uyu munamato, unotaurwa noMupristi akapfugama, muzita reʋese ʋanoɗa kugashira Cidyo Cinoyera.*

Hatiŋgaswenderi kune iri Tafura rako, Tenzi unemutsa, nokusimbira mukururama kweɗu, asi mumutsa wako mukuru. Hatisakafanira kana nokunoŋga mivuruvuru panyasi peTafura rako. Asi iwe uri Tenzi usiŋgapinduki, unemutsa nhambge dzese. Tipe, ndiȥoȥo, Tenzi wetsitsi, kuti tidye muʋiri weMurumbgana wako unoɗikanwa Jesu Kristu, nokumŋa ropa rake, kuti miʋiri yeɗu yakanyaŋgara icenurwe nemuʋiri wake, mŋiya yeɗu isambge neropa rake rinokosha kwaȥo, tigare kunaiye narini; naye agare kunesu. *Amen.*

¶ *Masure meȥi Bandadzi ŋgarimeɗure Ciŋgwa, ritaŋge kugashira iro mbune, ripedze ricipa ʋabishopi, neʋapristi neʋadikoni, (kuti ʋamŋe ʋaripo), nenzira imŋeyo, masure meȥi kuneʋanhu mumajana aʋo mumaʋoko aʋo, ʋese ʋakapfugama nokuȥirereka. Riri kupa Ciŋgwa kunemunhu, ŋgariti,*

Muʋiri waTenzi weɗu Jesu Kristi, wakapirwa iwe ŋgauceŋgete muʋiri wako nemŋiya muupenyu husiŋgagumi. Tambira udye, mukutondera kuti Kristu wakafira iwe, umudye mumŋoyo wako nokuɗaʋira nokutenda.

¶ *Bandadzi iro rinogashidza Mukombe kunemunhu ŋgariti,*

Ropa raTenzi weɗu Jesu Kristu, rakaparadzirwa iwe, ŋgariceŋgete muʋiri wako nemŋiya muupenyu husiŋgagumi. Imŋa mukutondera kuti Ropa raKristu rakaparadzirwa iwe, utende.

¶ *Pamŋe Mupristi, asati agashidza Ciŋgwa kunevanhu, ŋgaati kunecita cese:*

Swenderai mugashire Muʋiri neRopa raTenzi weɗu Jesu Kristu, ʐakapirwa imŋi, mumudye mŋese mumŋoyo yenyu nokuɗaʋira nokutenda.

¶ *Kuti ataura ʐakaɗaro, apo anogashidza Ciŋgwa kune munhu, aŋgati:*

Muʋiri waTenzi weɗu Jesu Kristu ŋgauceŋgete muʋiri wako nemŋiya muupenyu husiŋgagumi.

¶ *NeƁandadzi rinogashidza mukombe kunemunhu riŋgati:*

Ropa raTenzi weɗu Jesu Kristu ŋgariceŋgete muʋiri wako nemŋiya muupenyu husiŋgagumi.

¶ *Kuti vese vagashira, Mupristi ŋgaadzokere kuTafura raTenʐi, aise nokuʐirereka pamsoro paro iʐo ʐasara ʐeʐiro ʐayeriswa, aciʐifukidza neȷira jena; pamŋe kuti aciɗa, ŋgaadye nokumŋa iʐo pakarepo nokuʐirereka.*

## KUTENDA.

¶ *Masure meʐi ŋgaataure uku Kutenda kweCidyo Cinoyera.*

*Mupristi.* Tendanyi Tenzi, iʐo anetsitsi;
*Mhinduro.* Nemutsa wake unogara narini.

Mŋari unesimba rese, mugari, tinokutenda ŋgemŋoyo yeɗu yese, nokuti wafadzwa kutipa kudya isu tagashira nokufanira uku kuʋandiswa kunoyera, kudya kwemŋiya yeɗu, kweMuʋiri unokosha neRopa reMurumbgana wako Muponisi weɗu Jesu Kristu; ucitiziʋisa ndiʐo kufadzwa kwako nokunaka kunesu; kuti tiri nheŋgo dzeɗi dzemuʋiri wakaʋandiswa weMurumbgana wako, cita cakakomborerwa caʋanhu ʋese ʋanoɗaʋira; tiri ʋagari ʋenhaka, neƃanza, ʋeumambo hwako husiŋgagumi nokufanira kwekufa kunokosha nenhamo yeMurumbgana wako unoɗiwa. Takuteta nokuʐirereka kukuru, Ɓaƃa wekuɗeŋga, kuti utiƃatsire negrasia rako, kuti tigare mukuwadzana uko kunoyera, nokuyita maƃasa ese akanaka ayo wakatigadzirira kuti tifambe munaiwo; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu, kunaiye newe noMŋiya Unoyera ŋgaʐiʋe kukudzwa kwese nembiri ʐigare ʐakaɗaro. *Amen.*



¶ *Masure meʐi ŋgakutaurwe pamŋe kuimbga.*

Mbiri kunaMŋari kumsoro, runyararo pasi, ruɗo rwakanaka kuneʋanhu. Takuwirikidza, takutunhidza, takuombera, takukudza, takutenda nembiri yako huru, Tenzi Mŋari, Mambo wekudeŋga, Mŋari Ɓaƃa unesimba rese.

Tenzi, Murumbgana mumŋe wakaƃarwa, Jesu Kristu; Tenzi Mŋari, Nyenye yaMŋari, Murumbgana waƁaƃa, unobvisa ʐitadzo ʐepasi, ciʋanemutsa panesu. Iwe unobvisa ʐitadzo ʐepasi, ciʋanemutsa panesu. Iwe unobvisa ʐitadzo ʐepasi gashira munamato weɗu. Iwe ugere parudyi rwaMŋari Ɓaƃa ciʋanemutsa panesu.

Iʐo ndiwe wega unoyera; ndiwe wega Tenzi; ndiwe wega, Kristu, pamŋe noMŋiya Unoyera, uri mukuru kuneʐese mumbiri yaMŋari Ɓaƃa. *Amen.*

¶ *Masure meʐi Mupristi (pamŋe Bishopi kuti aripo) ŋgaavayendise neici Cikomborero.*

Runyararo rwaMŋari, runopinda kuziʋa kwese, ŋgarukotse mŋoyo yenyu nepfuŋgwa mukuziʋa neruɗo rwaMŋari neMurumbgana wake Jesu Kristu Tenzi weɗu: necikomborero caMŋari anesimba rese, caƃaƃa, neMurumbgana, noMŋiya Unoyera ŋgaciʋe nemŋi cigare nemŋi ʐigare ʐakaɗaro. *Amen.*

¶ *Minamato iyo iŋgataurwe masure meMunamato weMusi kana Cikomborero cisati cataurwa. Mimŋe minamato iŋgabvumidzwe ndiBishopi.*

Naŋgisa netsitsi, Trinitas unoyera, paneiri ɓasa reɗu rokuombera nokunamata; upe kuti uyu muteuro wateurwa pamberi pako ugashirwe kuUmambo hwako hweUmŋari, utiɓatsire naʋo ʋese aʋo taitira, uyo unogara nokutoŋga, Mŋari mumŋe, ȥigare ȥakaɗaro. *Amen.*

Tenzi Jesu Kristu, iwe wakati kuneʋapostori ʋako, ndirikumusiyira runyararo; runyararo rwaŋgu ndiri kumupa, usariŋgise ȥitadzo ȥeɗu asi riŋgisa ruɗaʋiro rweSaŋgano rako, uripe mŋoyo mumŋe nerunyararo iȥo ȥinokufadza Iwe, ugere nokutoŋga naɓaɓa noMŋiya Unoyera, Mŋari mumŋe ȥigare ȥakaɗaro. *Amen.*

Tenzi Mŋari usiŋgagumi, unomisa mŋiya yese muupenyu, tinokukumbira kuti uparadzire maranzi ekupenya kwako nokunyaradza kwako kwekuɗeŋga kuneSaŋgano rako remuParadisi nerepasi; upe kuti isu, ticiteʋera muyenzaniso wakanaka weaʋo ʋakakuɗisa nekukunamata pano, asi ȥino ʋari muzororo, tipinde naʋo pakuguma murufaro rwako rusiŋgagumi; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

Tiɓatsire nemutsa, Tenzi, muneiȥi ȥikumbiro ȥeɗu neminamato, utuŋgamidze nzira yeʋaranda ʋako mukuwana ruponiso rusiŋgagumi; kuti mukupinduka kwese nepfumvu dzeupenyu huno ʋaceŋgetwe nhambge dzese neruɓatsiro rwako rwetsitsi; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

Tenzi unesimba rese naMŋari mugari, fadzwa, takuteta, kutuŋgamidza nokuyerisa nokutoŋga mŋoyo yeɗu nemiʋiri munzira dzemitemo yako nemumaɓasa eȥisuŋgo ȥako, kuti nokukotsa kwako kukuru



ticeŋgetwe mumuʋiri nemŋiya ȥino nepaŋguʋa dzese; ndiTenzi weɗu neMuponisi Jesu Kristu. *Amen.*

Ipa, takuteta, Mŋari unesimba rese, kuti mazwi ayo tanzwa nhasi nenzeʋe dzeɗu asimŋe negrasia rako mumŋoyo yeɗu, kuti aɓare mukati meɗu micero yokugara kwakanaka mukukudzwa nokuwirikidzwa kweZita rako; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

Tituŋgamirire, Tenzi, mu maɓasa eɗu ese negrasia rako, utiɓatsire neruɓatsiro rwako rwemisi yese; kuti mumaɓasa eɗu ese, anoʋambga, anoitwa, nokupedziswa kunewe, tikudze Zita rako rinoyera, nepakuguma tiwane nomutsa wako upenyu husiŋgagumi; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

Mŋari unesimba rese, tsime reuŋgwaru hwese, unoziʋa kushaya kweɗu tisati takumbira, nekusaziʋa kweȥikumbiro ȥeɗu, takuteta kuti uʋe nenyasha mukunyoroʋa kweɗu, neȥiro iȥo tisiŋgashiŋgi kukumbira nokusafanira kweɗu, tisiŋgakwanisi kukumbira muupofu hweɗu, ufadzwe kutipa pamsana peMurumbgana wako Jesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

Mŋari unesimba rese wakatsidza kuti unonzwa ȥikumbiro ȥaʋo ʋanokumbira muZita reMurumbgana wako; takuteta kuti uteerere nemutsa isu tayita ȥikumbiro ȥeɗu neminamato kunewe; upe kuti ȥiro iȥo takumbira nokuɗaʋira nokuyenzana neruɗo rwako ȥipiwe kutiɓatsira pakushaya kweɗu, nokuʋonisa mbiri yako; ndiJesu Kristu Tenzi weɗu. *Amen.*

## MAZWI AKASARUDZWA

(Ʋona pa p. 12).

*Pamusi weKrisimasi, ɗakara pamusi woKuʋonekwa, ȥe (mazwi "sepaŋguwa ino" aciregerwa) pamusi woKucenurwa noKuʋudzwa kwaSante Maria Virgo.*

Nokuti wakapa Jesu Kristu Murumbgana wako Mumŋe cete, kuti aɓarirwe isu, sepaŋguʋa ino; uyo wakaitwa munhu kwaye nesimba reMŋiya Unoyera naVirgo Maria, mai wake, asina ʋara reȥiṭadzo kuti aticenure muȥiṭadzo ȥese. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi woKuʋonekwa, nemisi minomŋe inotevera.*

NdiJesu Kristu Tenzi weɗu, uyo, mukumira kwemuʋiri weɗu unofa, wakaʋonisa mbiri yake, kuti awunze ʋanhu ʋese ʋari kwese kwese kubva muɗima nokupinda mukupenya kwake kunoshamisa. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi weCina muViki Rinoyera.*

NdiJesu Kristu Tenzi weɗu; uyo, wakaŋge aɗa ʋake ʋepasi pano, akaʋaɗa ɗakara pakuguma, neusiku asati atambudzika, wakaʋamba kuita uku kuʋandika ḳunoyera, kuti, ticigashira ruɓatsiro rweNhamo yake, ticimutswa nokumuka kwake, tisaŋganire umŋari hwake, nokuzadzwa nokuzara kwese kwaMŋari: Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi weIsita ɗakara pamusi weKukwira.*

Asi ȥikuru takafanira kukuwirikidza nokumuka kwembiri kweMurumbgana wako Jesu Kristu, Tenzi weɗu; iȥo ari Nyenye yeɗi yePaska, yakateurirwa isu, ikabvisa ȥitadzo ȥepasi; nokufa kwake wakaparadza kufa, nokumuka-ȥe muupenyu akadzosera kunesu upenyu husiŋgagumi: Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*



*Pamusi weKukwira, ɗakara paPentekoste.*

NdiMurumbgana wako unoɗikanwa, Jesu Kristu Tenzi weɗu; uyo masure kwekumuka kwake kwembiri wakaʋonekwa pacena kuneʋapostori ʋake ʋese, akakwira kuɗeŋga pamberi paʋo, kundotigadzirira nȥimbo; kuti tizokwire kwaari iye nokutoŋga naye mumbiri; Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi wePentekoste, nemisi mitanhaṭu inotevera.*

NdiJesu Kristu Tenzi weɗu, uyo, iȥo akaŋge akwira kumsoro kweɗeŋga rese, nokugariswa parudyi rweUkuru hwako, wakaɗira sepaŋguʋa ino, paʋana ʋokusarudzwa Mŋiya wako Unoyera, mupi woupenyu, kuti nesimba rake rembiri rufaro rweʋaŋgeri risiŋgagumi ruyende munyika dzese, iro takaɓuɗiswa ndiro muɗima nokukaŋganisa, ticiwunzwa mukupenya kwako nokuziʋa neɗi Iwe noMurumbgana wako Jesu Kristu. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi waTrinitas.*

Iwe noMurumbgana wako Mumŋe wakaɓarwa noMŋiya Unoyera uri Mŋari mumŋe, Tenzi mumŋe, munaTrinitas nemunaUnitas, nokuti iȥo tinoɗaʋira ȥembiri yako, Ɓaɓa, tinoȥiɗaʋira ȥeMurumbgana noMŋiya Unoyera, kusina kupatsana nokusayenzana. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi weKusandurwa.*

Nokuti mbiri yeIzwi-rako-rakaitwa-munhu yakapenya pagomo rinoyera kunemboʋo dzeUkuru hwake, ikaʋonesa simba rekuʋuya kweUmambo hwake pamŋe neʋanoyera ʋake mukupenya. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*Pamusi weʋanoyera ʋese, ne (kuti kusina mazwi akasarudzwa emumŋe musi mukuru akamiswa ku-*

*taurwa) pamisi eƲapostori naƲavaŋgeri na St. Johane Mubabatidzi:*

Iwe mune Ʋanoyera ʋako, wakatipa muyenzaniso woupenyu hwakarurama necitsidzo cembiri ceɓanza rekuɗayidzwa kwedu; kuti, takatenderedzwa nemboʋo zhinji, titizire nerusimbiro kupitsirana kwakamiswa pamberi peɗu, tigashire nadzo ciremba cembiri cisiŋgaʋuni: Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*PaRutondedzo rweƲakáfa:*

NdiJesu Kristu Tenzi weɗu, uyo wakaʋonisa upenyu nokusafa, kuti isu, takaremerwa nomutoro wecitadzo nerufo, tisasuʋe seaʋo ʋasineɓanza; nokuti tinoziʋa kuti, apo miʋiri yeɗu inoparara, tinoʋa neumba kwadzo: Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

*PaKuyeriswa kweCeci, kana paRutondedzo rwemusi weKuyeriswa:*

Iwe, kana ɗeŋga nemateŋga asiŋgakukwaniri, nembiri yako iri pasi pese, unogashira umba dzepasi dzakayeriswa muZita rako, munaidzo unoɗira ȥipo ȥegrasia paneʋanhu ʋako ʋeɗí. Ndiȥoȥo neŋgerosi, *etc.*

¶ *Kusaitwe munamato weCidyo caTenzi, kuti kusina mumŋe unogashira neMupristi.*

¶ *Mukathedrali nemamŋe maceci makuru apo kune Ʋapristi neƲadikoni vazhinji, ŋgavagashire vese Cidyo Cinoyera neMupristi, ȥikuru misi yese yeSondo, kuti vasine ciro cinovapiŋgidza.*

¶ *Kuti Ciŋgwa neWaini ȥayeriswa ȥapera vese vasati vagashira, Mupristi ŋgaayerise ȥimŋe, kana (a) ȥese ȥiri ȥiyiri, acitaura-ȥe mazwi eMunamato wekuyerisa pekuti "Tinzwe, Ɓaɓa wemutsa" acigumira pekuti "Cikomborero cekuɗeŋga"; kana (b) ciri cimŋe, seȥo ȥakamisirwa ico muTsamba yeMinamato.*



¶ *Masure meCikomborero, kuti pane ȥasara ȥeCiŋgwa neWaini ȥayeriswa, ȥisaɓudwe naȥo muCeci, asi Mupristi nevamŋe vagashiri avo aneŋge aɗayidza iye mbune, pekarepo ŋgavadye nokumŋa iȥo nokuȥirereka; asi iȥo ɓasi ȥinoɗiwa kugashidza vanorwara.*

¶ *Ciŋgwa neWaini ȥeCidyo Cinoyera ŋgaȥiteŋgwe ndiMupristi nevatuŋgamiriri weSaŋgano nemari yeParishi.*

¶ *Ifaniro yevagashiri vese yekugáshira Sakramente rinoyera kazhinji, ȥikuru pamisi mikuru yese yeSaŋgano, neȥikuru kwaȥo paIsita. Faniro yakamisirwa vagashiri weSaŋgano reiyi Province ndoyokugashira Cidyo Cinoyera ȥikuru katatu pagore.*

¶ *Pamakore ese paŋguva yeIsita Makristu ese ŋgaaivereŋgerane neMupristi kana Ɓandadzi kana neavo vakamiswa ndiye, abvise mari yese yeSaŋgano neȥipo iȥo ȥakafanira kupiwa paneyo ŋguva.*

¶ *Masure meMunamato Unoyera, mari yapiwa paMupereko ŋgaisevenziswe mumaɓasa akarurama neemutsa, seȥo Ɓandadzi nevatuŋgamiriri vanofuŋga kuti ȥakafanira. Kuti vasiŋgabvumirani ŋgaisevenziswe seȥo Bishopi anomisa.*

*Minamato yokusevenziswa dzimŋe ŋguva.*

MUNAMATO WEMANGWANANI.

Muɗikani Tenzi Jesu, Muponisi waŋgu neshamŋari yaŋgu, iʋa neni neʋanhu ʋese aʋo ndinoɗisa (*ȥikuru . . .*) namusi zuʋa rese. Uya nesu panȥimbo dzese apo tinoŋga tiri. Usabve napashoma kuneni.

MUNAMATO WOKUFANANA NAJESU.

Tenzi Jesu, ndiyite kuti ndiʋe seȥo Iwe waŋga wakaita, apo wakaŋge waʋa mukuru seni. Ndiyite

munhu unoɗiwa sewe. Ndiyite ndishiŋge sewe; ndiyite ndinyoroʋe, ndiʋe nemutsa, nokusaʋa neshuŋgu, nokuti ndiʋe munhu unoɗa kuɓatsira ʋamŋe, kuyera, nokucena, . . . sewe. Pese apo ndinoŋga ndiri, muȥese iȥo ndinoŋga ndiciyita, ita kuti ndisabviswe kunewe.

MUNAMATO WOKUNAMATIRA ƲAMŊE.

Mŋari, ɓaɓa waŋgu anoɗiwa, ndinoɗa kunamatira ʋana N. . . . na N. . . . na N. (*taura mazita aʋo*): Unoziʋa iȥo ʋanoɗa, iȥo ȥinoʋaɓatsira. Ʋakomborere nokuʋacheŋgeta, pamsana paJesu. *Amen.*

MINAMATO YEPAŊGUWA YEMISA, KUTI UCIƊA KUGASHIRA.

¶ (*Ukaŋge wapinda muceci nokupfugama pasi, taura uciti:*)

Mŋiya Unoyera, ndiɓatsire kunamata ȥakanaka maŋgwanani ano. Swendedza Jesu kuneni.

Tenzi Jesu uri kuʋuya kuneni maŋgwanani ano. Ndinoɗa kuti undipe ȥese ȥinondiɓatsira kuti ndiʋe mŋana wako kwaye. Ndinoɗa kuti ndikuziʋe ȥirinani, kukuɗisa kwaȥo nekukuitira ɓasa munzira irinani.

¶ (*Ukaŋge wamugashira muCidyo Cinoyera taura kunaiye mumŋoyo wako. Kuti usiŋgakwanisi kuita iȥi paŋguʋa yeMisa, edza kuzoita masikati kuti uri pako wega. Taura minamato ȥishoma neȥishoma ȥakanakisa.*)

Tenzi Jesu, handikwanisi kukuʋona, asi ndinoziʋa kuti uri pano. Uri mumŋoyo waŋgu. Ndinewe neni ȥino, Mambo waŋgu. . . . Muponisi waŋgu. . . . Mŋari waŋgu. . . .

Tenzi Jesu, unoziʋa ȥiro ȥese ndini. Unoziʋa ȥiro ȥese iȥo ndinoshaya ȥemuʋiri waŋgu . . . ȥemŋi



ya . . . (*pano muudze ȥese izo unoɗisa kutaura kunaiye*).

Unoziʋa ȥese iȥi, Tenzi Jesu. Ndipe ȥiro ȥinondiɓatsira, ȥiro ȥinondiyita ndiʋe nesimba . . . nokufara . . . mumuʋiri nemŋiya.

Tenzi Jesu muɗikani, ndinoziʋa kuti unondiɗisa, nokuti wakandiyitira ȥizhinji. Wakaʋuya pasi, ukafa pamucinjiko kuzondiɓatsira kuti ndiende kuɗeŋga. Ndinoȥipa ini mbune kunewe ȥino . . . muʋiri waŋgu nemŋiya. Ndiceŋgete pedẏo newe ŋguʋa dzese. Ndiɓatsire kuti ndiyite iȥo unoɗa.

MUNAMATO USATI WARARA MANHERU.

Ɓaɓa wekuɗeŋga, ndinokutenda neȥiro ȥese ȥakanaka ȥemusi uno. (*Pano tondera ȥiro iȥo unoɗa kutenda Mŋari ndiȥo.*) Ndinosuʋa neȥese iȥo ndanyaŋgadza ndiȥo. (*Taura kunaMŋari ȥiro iȥo wanyaŋgadza ndiȥo.*) Ndisunuŋgure pamsana paJesu; undiɓatsire ndiyite ȥirinani ŋguʋa inoʋuya, nokuʋa mŋana wako wakanaka ŋguʋa dzese. Ndinokupa ʋese aʋo ndinoɗa (ȥikuru N. na N. na . . .) Tikomborere tese ȥino narini. *Amen.*

Shanyira, Tenzi, takuteta, umba idzi dzeɗu, udziŋge panesu kutya kwese kwemhandu; ŋgerosi dzako ŋgadzigare muno dziticeŋgete murunyararo; cikomborero cako ŋgaciʋe kunesu narini. *Amen.*

PRINTED BY OFFSET IN GREAT BRITAIN BY
BILLING AND SONS LTD., GUILDFORD AND ESHER